



**Department of Health
& Mental Hygiene**

**Department of
Education**

Cheryl Lawrence, MD, FAAP

Direktè medikal

Office of School Health

30-30 47th Ave.
Long Island City, NY 11101

Jiyè 2023

Chè paran oswa responsab,

Vil Nouyòk revize kondisyon vaksinasyon pou lekòl pou ane lekòl 2023-2024 la. Nou mete nan lèt sa a yon lis kondisyon vaksen sa yo pou ane lekòl 2023-2024 la. Vaksen yo pwoteje timoun yo pou yo pa trape ak pwopaje maladi epi yo obligatwa pou timoun yo ale lekòl. Avan ane lekòl la kòmanse, ou dwe voye prèv vaksen oswa rezulta egzamen san ki montre ptit ou a vaksinen si li nan gadri oswa lekòl.

Tout elèv ki nan gadri rive klas 12yèm ane dwe ranpli kondisyon vaksen pou difteri, tetanòs ak koklich (diphtheria, tetanus and pertussis, DTaP) ak ; polyo, malmouton, saranpyon woujòl (measles, mumps and rubella, MMR); varisèl ; ak vaksen kont epatit B.

Timoun ki pi jèn pase 5 lane ki nan gadri ak pre-kindergarten dwe ranpli tou kondisyon pou vaksen kont grip (31 desanm 2023 pou pi ta), men li ta pi bon lè li vin disponib nan kòmansman otòn) ak vaksen *Haemophilus influenza* tip b (Hib) ak pneumococcal conjugate (PCV) .
Timoun ki nan klas 6yèm rive 12yèm ane dwe ranpli tou kondisyon pou dòs ranfòsman kont tetanus, diphtheria and pertussis (Tdap) ak meningococcal conjugate (MenACWY) .

Egzamen san ki montre iminite kont MMR, varisèl, oswa epatit B satisfè kondisyon yo tou (iminite polio ap akseptab sèlman si yo te fè egzamen laboratwa a avan septanm 2019).

Pran tan nan ete sa a pou gade istwa vaksinasyon ptit ou a avèk doktè I. Doktè w ka di w si gen lòt dòz nan yonn oswa plizyè vaksen ki obligatwa pou ptit ou a ka ale nan gadri oswa nan lekòl. **Sonje:** Si ptit ou a te resevwa dòz vaksen yo avan laj minimòm lan (twò bonè), dòz sa yo pa konte nan kantite dòz li bezwen yo.

Si w gen kesyon sou kondisyon vaksen sa yo, kontakte sant gadri w oswa direksyon lekòl ptit ou a.

Avèk senserite,

Cheryl Lawrence, MDF, FAAP
Direktè medikal
Office of School Health

Èske pitit ou pare pou ale nan gadri oswa lekòl ?

Ane lekòl 2023-2024

Jwenn enfòmasyon konsènan vaksen ki obligatwa nan Vil Nouyòk.

Tout elèv laj 2 mwa jiska 18 ane nan Vil Nouyòk dwe pran vaksen sa yo pou ale nan gadri oswa lekòl. Gade vaksen pitit ou a bezwen datre nivo klas li pou ane lekòl sa a. Kantite dòz vaksen pitit ou a bezwen ka varye datre laj li ak dòz vaksen li te pran avan. Pitit ou a ka bezwen lòt vaksen oswa lòt dòz vaksen si li gen kèk pwoblèm sante oswa si yo te ba li dòz avan yo twò bonè tou. Egzamen san ki montre iminite kont MMR, varisèl, oswa epatit B satisfè kondisyon yo tou (iminite kont polio ap akseptab sèlman si yo te fè egzamen laboratwa avan septanm 2019).

Vaksinasyon	Gadri timoun, Head Start, Nursery, 3-K oswa Pre-K	Kindergarten rive Klas 5yèm ane	Klas 6 yèm rive 14yèm ane	Klas 12yèm ane
Diphtheria, tetanus and pertussis (DTaP)	Kat dòz	Senk dòz (oswa kat dòz sèlman si li te pran katriyèm dòz la nan laj 4 lane pou pi piti oswa twa dòz sèlman si timoun lan gen laj 7 lane pou pi piti epi li te kòmanse resevwa seri vaksen an lè li te gen laj yon lane pou pi piti)		Twa dòz
Dòz ranfòsman Tetanus, diphtheria and pertussis (Tdap)			Yon dòz (obligatwa nan laj 11 lane pou pi piti lè l ap rantre nan klas 6yèm rive 12 yèm ane epi li respekte kondisyon yo jiskake li gen laj 12 lane)	
Polyo (IPV oswa OPV)	Twa dòz	Kat dòz (oswa twa dòz si yo li resevwa twazyèm dòz lan nan laj 4 lane pou pi piti)		
Measles, mumps and rubella (MMR)	Yon dòz		De dòz	
Epatit B	Twa dòz	Twa dòz	Twa dòz (oswa de dòz vaksen epatit B pou adilt , Recombivax HB, si li te resevwa dòz yo omwen nan yon entèval kat mwa ant laj 11 ak 15 lane)	
Varisèl (chickenpox)	Yon dòz		De dòz	
Meningococcal conjugate (MenACWY)			Klas 6yèm ane: Pa aplikab Klas 7 yèm rive 11yèm ane: Yon dòz	Klas 12yèm ane: De dòz (oswa yon dòz si yo li resevwa premye dòz lan nan laj 16 lane pou pi piti)
Haemophilus influenzae type b conjugate (Hib)	Yonn a kat dòz (sa depann de laj timoun lan ak dòz li te resevwa avan)			
Pneumococcal conjugate (PCV)	Yonn a kat dòz (sa depann de laj timoun lan ak dòz li te resevwa avan)			
Influenza (grip)	Yon dòz			

Pale avèk doktè pitit ou a si w gen nenpòt kesyon.

Pou jwenn plis enfòmasyon, rele **311** oswa ale sou nyc.gov/health epi chèche **vaksen pou elèv**.



Department of Health & Mental Hygiene

Department of Education